



Fòm Renonsyasyon ak Dedomajman pou Montaj Film/Fotografi

Mwenmenm, _____, ann echanj pou mwen jwenn otorizasyon Vil New York ak Depatman Transpò Vil New York (New York City Department of Transportation, “DOT”) pou m antre sou pwopriyete l ak/oswa nan lokal li nan _____, nan dat _____, jan pèmi ki mache ak dokiman sa a presize l la, ak pèsònèl ansanm ak materyèl pou monte film, pou fè foto, fè kasèt videyo ak anrejistreman sonò (“materyèl” yo) tout pati byen sa yo, ansanm ak non ki lye ak pwopriyete a, pou itilizasyon, enklizyon, ekspozisyon, distribisyon ak tout lòt eksplwatasyon, nenpòt fason oswa pa nenpòt mwayen, kit yo egziste deja aktyèlman oswa yo dekouvri yo pi devan, nan tout lemonn nan, pou tout tan, an relasyon ak pwodiksyon ki gen tit (tit pwovizwa) _____ epi tout piblisite, pwomosyon oswa piblisite sou pwogram oswa sèvis yo _____, epi mwen dakò ak sa ki di pi ba a:

1. Pou m antre sou pwopriyete ak/oswa lokal yo mansyone pi wo yo an konesans de koz. (Yo bay detay sou aktè, ekip ak ekipman y ap itilize yo nan lèt ki mache ak dokiman sa a).
2. Mwen pran tout responsabilite pou Vil New York, m ap dedomaje l, defann li epi egzante Vil New York ak DOT, dirijan l yo, ajan l yo, fonksyonè l yo, reprezantan l yo, anlwaye l yo, avoka l yo, konsiltan ak antreprenè endepandan l yo (“Moun ki gen dwa a dedomajman”) de tout responsabilite, pwosè, obligasyon, amann, domaj, penalite, reklamasyon, frè ak depans (ni frè ak salè avoka, san restriksyon) (“Domaj ak enterè”) yo kapab enpoze oswa youn nan benefisyè dedomajman an kapab evoke oswa yo kapab revandike kont youn nan benefisyè dedomajman an epi ki dekoule apatide prezans _____ oswa ki lye ak prezans li oswa apatide prezans ajan, reprezantan, fonksyonè, anlwaye oswa antreprenè endepandan _____ pandan peryòd ak nan objektif nou dakò sou li a, kit domaj sa yo rive akòz neglijan Vil la ou pa oswa li gen lòt koz; men a kondisyon responsablite ak obligasyon dedomajman yo mansyone pi wo yo pa aplikab pou Domaj nan ka kote yo soti nan yon fot eksprè oswa yon neglijan grav Vil la, reprezantan l, anlwaye l, domestik li, ajan l, avoka l, konsiltan l oswa antreprenè endepandan l. Anplis, Akò sa a se yon kondisyon ki di Vil la pa asime okenn responsabilite pou responsabilite, pousuit, obligasyon, amann, domaj, penalite, reklamasyon, chaj, frè ak depans (ni onorè ak salè avoka ki rezonab, san restriksyon) pou moun ak byen akòz sa yo, sof si gen dispozisyon eksprè pou sa nan dokiman sa a.
3. Pou egzonere Vil New York ak DOT, fonksyonè li yo, ajan l yo, domestik li yo, reprezantan l yo oswa anlwaye l yo epi dechaje yo de tout reklamasyon, demann, dwa, rekou oswa motif pou tout tan, prezantman oswa alavni, kit yo konnen yo oswa yo pa konnen yo, kit yo te prevwa yo ou pa, ki fèt apati prezans _____ oswa prezans ajan, reprezantan, domestik, anlwaye oswa antreprenè endepandan _____ pandan peryòd ak nan objektif nou dakò sou yo a.



4. Nan non _____, eritye l yo, egzèkètè oswa administratè l yo, pou mwen pa janm anvizaje angaje Vil New York ak DOT, pousuiv li oswa soutni tout aksyon, pousuit oswa pwosedi an dwa oswa lòt jan kont li, kont ajan l yo, sèvitè li yo, reprezantan oswa anplwaye l yo sou baz tout blese _____ kapab sibi, ni desè ak domaj, ni pèsònèl ni materyèl, kit mwen konnen yo oswa yo pa konnen yo, kit mwen te prevwa yo ou pa, ki fèt apati prezans mwen sou byen ak/oswa lokal ki endike pi wo yo pandan peryòd ak nan objektif nou dakò sou yo a.

5. Jwenn yon Asirans Responsabilite Sivil Komèsyal sosyete ki kapab bay polis asirans yo mande yo legalman, epi kenbe l ak yon montan \$1,000,000 pou chak evènman ak kòb ak depans pa m pou garanti pou blese, ni desè oswa domaj pandan peryòd nou dakò sou li a, epi nonmen Vil New York Asire Sipleman tè.

6. DOT garanti epi li deklare li otorize pou yo akòde dwa yo epi konkli akò yo enonse nan dokiman sa a. _____ siyen enstriman sa a san lòt pwomès reprezantasyon Vil New York ak DOT, dirijan l yo, ajan l yo, sèvitè li yo, reprezantan oswa anplwaye l yo fè, apa konpansasyon ki endike nan dokiman sa a.

Ak dokiman sa a, mwen siyen enstriman sa a ak volonte m epi mwen deklare _____ otorize m pou m siyen enstriman sa a san lòt pwomès reprezantasyon Vil New York ak DOT, dirijan l yo, ajan l yo, sèvitè li yo, reprezantan oswa anplwaye l yo fè, apa konpansasyon ki endike nan dokiman sa a.

Date: _____ Siyati: _____

Tit: _____

REKONESANS

Eta New York)
Konte _____) ss.:

Nan _____ jou _____, 20____, moun ki dekri nan enstriman sa a, ki siyen l epi ki rekonèt li siyen l lan, ki fè sèman kòm sadwa, ki fè depozisyon epi ki deklare li rete _____, vin devan m pèsònèlman.

NOTÈ